



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 8 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A POU NOUVO PWOJÈ KOMINOTE ENTELIJAN SOU PLAN KLIMATIK YO

Finansman sibvansyon an ede minisipalite yo adopte inisyativ sou enfrastrikti vèt, rediksyon gaz ki lakòz efè sè ak rezistans kont tanpèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 8 milyon dola ki disponib kounye a pou pwogram [Sibvansyon pou Kominote ki Entelijan sou Plan Klimatik](#) (Climate Smart Communities Grant, CSC) pou ede minisipalite yo pran mezi pou adrese chanjman klimatik la. Finansman disponib pou pwojè ki redui emisyon gaz ki lakòz efè sè epi ki adapte ak enpak chanjman klimatik kontinyèl yo. Pwojè ki elijib yo ka gen ladan diminye risk inondasyon, ogmante rezistans natirèl, demenajman oswa renovasyon enfrastrikti enpòtan yo, ak pwojè planifikasyon ak evalyasyon chanjman klimatik kòm yon pati nan sètifikasyon Kominote Entelijan sou Plan Klimatik.

"Pandan n ap kontinye wè enpak chanjman klimatik ak sitiyasyon meteyo ekstrèm, gwo finansman sa a nan Pwogram Kominote Entelijan sou plan Klimatik New York la enpòtan anpil pou sipòte efò lokal yo pou pwoteje rezidan yo ak ranfòse enfrastrikti yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral ede ranfòse aksyon odasye ki baze nan lokalite a, pou ede atenn objektif klimatik anbisyè New York yo pandan y ap kreye kominote rezistan ki bay yon egzanp pou lòt minisipalite yo swiv".

Etabli an 2016, Pwogram Sibvansyon pou Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la se yon pwogram kontrpati 50/50. Li sipòte minisipalite k ap chèche vin sètifye Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik epi mete ann aplikasyon pwojè ki fè avanse objektif chanjman klimatik Eta a lè yo diminye emisyon gaz lakòz efè sè, diminye risk inondasyon, epi ede prepare pou move tan. Pwogram nan sipòte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, ki egzije New York redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè a 85 pousan anba nivo 1990 yo dis 2050. Depi kòmansman pwogram nan, DEC te bay minisipalite yo plis pase 60 milyon dola pou sipòte pwojè adaptasyon ak mitigasyon klimatik lokal yo. [Gen plis enfòmasyon sou pwogram sibvansyon an](#) ak demann pou aplikasyon 2023 ki disponib sou sitwèb DEC la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la, Basil Seggos, te deklare, "Kominote New York yo nan premye liy batay nou an pou fè fas a chanjman klimatik yo epi Pwogram Kominote Entelijan sou Plan Klimatik DEC la bay resous enpòtan pou ede minisipalite yo diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, investi nan enèji renouvlab epi redui fatra. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul la, pwochen faz sibvansyon konsiderab sa a pral bay investisman devlopman ekonomik rejyonal nan kominote yo atravè eta a epi li pral sipòte gouvènman lokal yo pou yo rejwenn efò anbisyè New York yo pou konbat chanjman klimatik, diminye depans enèji yo epi konstwi kominote ki pi an sante ak pi rezistan".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Kominote Entelijan Klima yo se yon sipò esansyèl pou minisipalite yo nan batay kont chanjman klimatik yo, k ap ede yo anbrase yon demen ki pi vèt atravè yon pakèt opsyon. Nou fyè pou nou travay avèk DEC sou pwogram enpòtan sa a nan tout eta a, ki fonksyone ansanm ak pwogram Kominote Enèji Pwòp NYSERDA a, pou maksimize resous ki disponib pou diminye polisyon ak ogmante dirablite pandan n ap asire tout Nouyòkè yo benefisye tranzisyon nou an nan yon ekonomi enèji pwòp".

Gen jiska 7 milyon dola ki disponib pou sibvansyon ant 50,000 dola a 2 milyon dola pou aplikasyon pwojè ki kapab genyen:

- Rediksyon kantite kilomèt veyikil vwayaje;
- Rediksyon dechè alimantè
- Redui emisyon idwofliyorokabòn ki soti nan refrijerasyon ak lòt ekipman refwadisman;
- Ogmante rezistans natirèl atravè restorasyon oswa prezèvasyon marekaj ak plèn inondasyon yo;
- Diminye risk inondasyon alavni, ki gen ladan demenajman oswa modènizasyon enfrastrikti enpòtan yo; epi
- Prepare pou kondisyon meteyowolojik ekstrèm, epi
- Pwojè enèji renouvlab nan lojman minisipal pou moun ki gen revni fèb.

Anplis de sa, gen jiska 1 milyon dola ki disponib pou sibvansyon sètifikasyon ant 10,000 dola ak 200,000 dola pou pwojè planifikasyon, envantè, ak evalyasyon ki an akò ak 19 aksyon pou Sètifikasyon Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik espesifik yo nan domèn diminisyon gaz ki lakoz efè sè, adaptasyon klimatik ak itilizasyon tè.

Delè pou aplikasyon yo se 28 jiyè 2023 a 3 p.m. Pou aplike pou dènye faz sibvansyon sa a, vizite Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) Eta New York la, ki disponib sou entènèt:

<https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>

Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa sou Klima) a egzije Eta a envesti oswa dirije resous pou asire ke kominote defavorize yo resevwa omwen 35 pousan nan benefis depans sou enèji pwòp ak pwogram efikasite enèji yo, avèk objektif 40 pousan Gwoup Travay pou Jistis Klima a dènyèmman te finalize kritè pou idantifye kominote ki defavorize yo pou asire ke kominote ki nan premye liy yo ak kominote ki pa gen ase sèvis yo benefisye tranzisyon istorik eta a nan sous enèji ki pi pwòp, polisyon redwi ak lè pi pwòp ak opòtinite ekonomik. Etandone objektif enpòtan sa a nan Lwa Klima a, pwojè egzekisyon ki fèt nan kominote defavorize yo ak pwojè sètifikasyon ki fèt nan minisipalite ki gen kominote defavorize yo pral resevwa pwen adisyonèl nan kritè nòt yo pou aplikasyon pou sibvansyon Kominote Entelijan sou Plan Klimatik yo.

Sibvansyon sa yo fè pati yon pi gwo pwogram pou sipòte angajman kominote a nan aksyon klimatik lokal yo. Kounye a genyen 381 Kominote Entelijan sou plan Klimatik ki anrejistre, ki reprezante plis pase 9.4 milyon Nouyòkè. Pou yo deziyen yon kominote ki anrejistre, minisipalite yo pran angajman pou yo aji sou chanjman klimatik lè yo adopte yon rezolisyon fòmèl ki gen ladann yon pwomès 10 pwen. Depi 2014, 118 minisipalite te konplete pwosesis revizyon solid pou yo deziyen kòm Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik ki sètifye. Kominote sètifye sa yo te ale odela pwomès la pou konplete ak dokimante yon seri aksyon ki diminye ak adapte ak chanjman klimatik la nan nivo lokal. Gen plis enfòmasyon sou pwogram sètifikasyon ki disponib sou entènèt: <https://climatesmart.ny.gov/>

Fon Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta ap sipòte pwogram finansman Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik yo. EPF New York la sipòte efò pou diminisyon ak adaptasyon chanjman klimatik yo, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo. Nan bidjè Eta ane Fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te kenbe finansman EPF la nan 400 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. EPF bay finansman tou pou pwogram anviwònmantral enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmantral.

Pwogram Kominote Enèji Pwòp NYSERDA a sipòte pwogram Kominote Entelijan sou Plan Klimatik la, ki ofri lòt estrateji ak opòtinite finansman pou ede minisipalite Eta New York yo ki aplike pwojè ak inisyativ enèji pwòp yo. Yon rezo kowòdonatè rejyonal bay sipò pou minisipalite yo pou tou de pwogram yo. W ap jwenn plis enfòmasyon [sou entènèt](#).

Pwogram Kominote Entelijan sou Plan Klimatik (CSC) a se yon inisyativ ant plizyè ajans Eta New York ak plizyè lòt antite nan eta a kòm esponsò pwogram nan, sa gen ladan DEC, Depatman Sèvis Piblik, Depatman Deta, Depatman Transpò, Depatman Sante, NYSERDA ak Otorite Enèji New York (NYPA) ak Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York (HCR).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp ak efikasite enèji yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)